

Pou plis enfòmasyon sou pwogram depistaj pou timoun ki fenk fèt nan Eta w la, tankou prezizyon sou kondisyon anòmal yo kontwole nan tès la, kontakte kote sa yo:

Connecticut

State of Connecticut, Public Health Laboratory
 10 Clinton Street, P.O. Box 1689
 Hartford, CT 06144
 (860) 509-8081
www.ct.gov/dph

Maine

Newborn Screening Program, Dept. of Health & Human Services
 Key Bank Plaza - 7th Floor, 286 Water Street
 Augusta, ME 04333
 (207) 287-5357
www.maine.gov/dhhs/boh/cshn/bloodspot_screening/index.html

Massachusetts

New England Newborn Screening Program
 University of Massachusetts Medical School
 305 South Street
 Jamaica Plain, MA 02130-3515
 (617) 983-6300
www.umassmed.edu/nbs

New Hampshire

Maternal & Child Health Section
 29 Hazen Drive
 Concord, NH 03301-6504
 (603) 271-4225
www.dhhs.state.nh.us/dhhs/mch.htm

Rhode Island

Rhode Island Department of Health
 3 Capitol Hill, Room 302
 Providence, RI 02908-5097
 (800) 942-7434
www.health.ri.gov/genetics/newborn.php

Vermont

Vermont Department of Health, Children with Special Health Needs
 108 Cherry Street, P.O. Box 70
 Burlington, VT 05402
 (802) 951-5180

**Tès Depistaj pou Timoun ki Fenk Fèt:
 Yo kapab Sove Lavi Tibebe w la**



Sponsored in part by a grant from the Genetic Services Branch of the Maternal and Child Health Bureau (MCHB) of the Health Resources and Services Administration (HRSA) and the New England Regional Genetics and Newborn Screening Collaborative, HRSA Grant #1U22MC03959

Poukisa tibebe mwen an bezwen tè s depistaj pou timoun ki fenk fèt?

Lalwa mande pou yo fè tè s pou plizyè kondisyon anòmal, ki pa rive fasil men ki kapab grav, pou tout timoun ki fenk fèt. Timoun ki gen kondisyon sa yo kapab parèt an sante lè yo fenk fèt. Men si yo pa trete kondisyon sa yo, sa kapab lakòz pwoblèm sante tankou timoun potovi, oswa mal pou grandi, oswa menm mouri. Tretman kapab anpeche pwoblèm sa yo.

Kouman yo pral teste tibebe mwen an?

Yon enfimye oswa yon lòt pwofesyonèl sante pral pran kèk gout san nan talon tibebe w la. Yo pral voye echantiyon san sa a nan yon laboratwa depistaj pou timoun ki fenk fèt.

Kilè yo dwe pran echantiyon san an?

Yo dwe pran echantiyon san an omwen 24 èdtan apre tibebe a fèt, men anvan li kite lopital la.

Kouman mwen pral fè konnen rezilta yo?

Si gen rezilta ki montre tibebe w la kapab gen youn nan kondisyon anòmal sa yo, doktè tibebe a ap kontakte w. Doktè a ap fè w konnen kisa rezilta yo di, epi kisa ki bezwen fèt.

Lè w wè doktè tibebe a ankò, mande l kisa rezilta tè s yo te di.

E si tibebe mwen an bezwen fè tè s yo ankò?

Pafwa yon tibebe ka bezwen fè tè s yo ankò. Sa pa oblije vle di tibebe a gen youn pwoblèm medikal. Yo kapab bezwen fè tè s yo ankò si:

- Yo te pran echantiyon an anvan 24 èdtan te pase depi lè tibebe a te fèt la
- Te gen youn pwoblèm nan jan yo te pran echantiyon an
- Premye tè s la montre youn posibilite pou gen youn pwoblèm medikal


Si tibebe w la bezwen fè tè s ankò, doktè tibebe a oswa pwogram depistaj ki genyen nan Eta kote ou rete a pral kontakte w. Li enpòtan pou yo fè nouvo tè s yo san pèdi tan.



Ki tè s yo fè?

Tè s yo fè yo depann nan ki Eta ou rete. Chak Eta gen youn lis tè s li fè ki pa fin menm ak lòt yo. An jeneral, kondisyon anòmal yo chache dekouvri yo tonbe nan youn nan kategori sa yo:

- Pwoblèm metabolis, ki an rapò ak jan kò tibebe a sèvi ak manje yo ba li
- Pwoblèm glann andokrin, ki an rapò ak nivo òmòn enpòtan yo
- Pwoblèm emoglobin, ki an rapò ak san tibebe a, epi ki kapab lakòz anemi, enfeksyon, ak lòt pwoblèm sante
- Pwoblèm poumon, ki an rapò ak devlopman tibebe a epi ak poumon li



Si w vle gen youn lis ki montre kondisyon anòmal yo chache dekouvri nan Eta kote ou rete a, kontakte pwogram depistaj pou timoun ki fenk fèt nan Eta kote ou rete a, oswa mande doktè tibebe a lis la.

Kapab gen laboratwa ki fè tè s pou lòt kondisyon anòmal ankò, epi ki mande peye pou tè s yo.

Ki tretman yo fè pou kondisyon anòmal sa yo?

Chak kondisyon anòmal mande youn tretman diferan. Tretman an kapab youn rejim alimantè espesyal, oswa òmòn, ak/oswa medikaman.

Si tibebe w la gen youn nan kondisyon anòmal sa yo, li enpòtan anpil pou yo koumanse tretman an san pèdi tan.

E si mwen gen lòt kesyon?

Mande doktè tibebe w la, oswa kontakte pwogram depistaj pou timoun ki fenk fèt nan Eta kote ou rete a. Gade nan paj dèyè dokiman sa a pou wè youn lis pwogram depistaj pou timoun ki fenk fèt nan zòn Nouvèl Angletè a [New England].